



PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT) SEMESTER GENAP

MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL

TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA	Hari / Tanggal : Juni 2024
Kelas : II (Dua)	Waktu : 90 Menit

I. Berilah tanda silang (x) pada huruf a, b, dan c pada jawaban yang benar!

- Jenenge liya cathetan padinan, yaiku ...
 - Buku pelajaran
 - buku kenangan
 - buku harian
- Kedadean sing ditulis ing cathetan padinan iku biyasane kedadean sing ...
 - Biasa
 - wigati
 - sepele
- Nalika adus untune diresiki nganggo ...
 - Sampo
 - minyak wangi
 - sikat lan odhol
- Awake ... bagus waras, ora nate kena lelara.
 - Seger
 - lemes
 - lara
- Ing ngisor iki klebu empon-empon, kajaba ...
 - Jae
 - kunir
 - jagung
- Ibu mangan tahu. Tembung mangan seng bener ...
 - Maem
 - nedha
 - dhahar
- Ngakoni salah klebu tumindak sing ...
 - Ala
 - awon
 - becik
- Panggon awake dhewe ngambah iki diarani ...
 - Srengenge
 - bumi
 - bulan
- Sing gawe padhang jagad saisine, yaiku ...
 - Srengenge
 - bulan
 - bumi
- Dedog, damen, tebo klebu jinise ...
 - Wit-witan
 - who-wohan
 - kembang
- Wong kang diajak gyneman diarani ...
 - Panutur
 - mitra tutur
 - pacelathon
- Wong sing ngajak guneman ing pacelathon diarani ...
 - Panutur
 - pambicara
 - mitra tutur
- Ing ngisor iki klebu tembang dolanan , kajaba ...
 - Pocung
 - cublak-cublak suweng
 - jamuran

14. Jinise tembang kang lumrahe ditembangake dening bocah-bocah cilik sinambi dolanan sinebut tembang ...

- a. Macapat b. dolanan c. ageng

Kodhok Ngorek

Kodhok ngorek, kodhok ngorek,

Ngorek ing blumbang

Theot theblung, theot theblung

Theot-theot theblung

Bocah nakal-bocah nakal, njaluk dijamoni

Jamu apa, jamu apa temulawak pait

Bocah pinter, bocah pinter, besok dadi dhokter

Tumpakane-tumpakane kapal sing bisa miber

15. Kodhok ngorek ing ...

- a. Sawah b. blumbangan c. kali

16. Jamune bocah nakal ...

- a. Kunir asem b. beras kencur c. temulawak

17. Bocah pinter basuk dadi ...

- a. Dhokter b. tukang c. sopir

18. Tumpakane kapal sing bisa ...

- a. Miber b. mabur c. nyilem

19. Tembang “Dhondhong Apa Salak” nggambarake kendaraan ...

- a. Andhong lan kapal b. andhong lan becak c. becak lan gerobak

20. Ing basa Indonesia, cathetan padinan diarani ...

- a. Buku harian b. buku pelajaran c. buku kenangan

21. Dini awake lagilara. Dini kudu ngombe ...

- a. Obat b. es teh c. kopi

22. Olah raga sing cukup iku klebu sawijine cara ...

- a. Njaga Kesehatan awak
b. Gawe susah awak
c. Njaga awak lara

23. Ing ngisor iki teks cathetan padinan, kajaba ...

- a. Panggon kadadean b. wektu kadadean c. salam pambuka

24. Ing ngisor iki kang ora klebu tujuwan nulis cathetan padinan, yaiku ...

- a. Kanggo mawas dhiri b. gawe sedhih ati c. gawe ati lega

25. Cathetan padinan, yaiku ...

- a. Cathetan kang isine bab pengumuman
b. Cathetan kang isine bab pidhato
c. Cathetan kang isine bab kagiyatan padinan

Kulawargane Siti

Siti kuwi anake Pak Ahmad. Ibune Siti asmane Bu Santi. Siti anak sing nomer papat, sing wuragil. Wong tuwane Siti kuwi agaweyane dadi

petani kabeh. Saben dina menyang sawah ngopeni tanduran. Siti kerep dijak menyang sawah karo ibune. Siti ngewangi nyirami tanduran ing sawah.

Siti saiki kelas loro SD. Kakange Siti sing nomer siji jenenge mas Joko, wonge wis dadi guru. Penggaweyane mulang ing sekolahan. Banjur, kakange Siti sing nomer loro kuwi saiki lagi kuliah, jenenge mas Firman. Banjur mbakyune Siti sing nomer telu isih sekolah SMA, jenenge mbak Rini. Senadyan bapak lan ibune Siti iku mung petani, nanging anak-anake disekolahke kabeh nganti kuliah. Siti uga duwe cita-cita kepengin dadi guru, kaya kakange sing nomer siji.

26. Agaweyan wong tuwane Siti, yaiku ...
a. Guru b. petani c. tukang kayu
27. Siti ngewangi nyirami tanduran ing ...
a. Kebon b. sawah c. taman
28. Cita-citane Siti pengin dadi ...
a. Dhokter b. guru c. petani
29. Sapa sing sregep sinau, mesthi bakal dadi ...
a. Kereng b. kesed c. pinter
30. Yen rumangsa duwe salah, prayogane ...
a. Kula nuwun b. njaluk dhuwik c. njaluk ngapura
31. Ing ngisor iki dudu ukara atur pangapura, yaiku ...
a. Nik, sepurane sing akeh wingi aku ora bisa teka
b. Kula nuwun Bu, kula diutus dening Pak Ahmad
c. Bu, kula nyuwun pangapuntene merga boten nggugu dhawuhipun Ibu
32. Kakange Siti sing nomer loro isih ...
a. Sekolah SMP b. sekolah SMA c. kuliah
33. Kakange Siti sing wis dadi guru yaiku ...
a. Joko b. Firman c. Rini
34. Irah-irah crita ing dhuwur, yaiku ...
a. Kulawargane Firman b. Cita-citane Siti c. Kulawargane Siti
35. Bapake Siti asmane ...
a. Pak Ahmad b. Pak Joko c. Pak Firman